# *Урочы  технологон картæ*

<table>
<tr><td colspan="2">Ахуыргæнæг</td><td>Чехойты Светланæ Отарбеджы чызг,<br>ирон  æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг</td></tr>
<tr><td colspan="2">Скъола</td><td>А.С.Пушкины номыл 7-æм астæуккаг скъола</td></tr>
<tr><td colspan="2">Кълас</td><td>6 «В»</td></tr>
<tr><td colspan="2">Нымæц</td><td>14.10.2018 аз</td></tr>
<tr><td colspan="2">Кабинет</td><td>27-ирон æвзаджы кабинет</td></tr>
<tr><td colspan="2">Темæ: Хетæгкаты Къоста «Дзæбидырдзуан»</td><td>Урочы тип:  Ног æрмæг æвзарын</td></tr>
<tr><td colspan="3">Хæстæ:      бамбарын кæнын ахуырдзаутæн, хæххон адæм  куыд мæгуыр цард кодтой,уæлдайдæр та    хæхбæсты фæллойгæнджытæ. Хъæздгуытæ æмæ æлдæртты цагъары бын уæвгæйæ куыд  цардысты, уый</td></tr>
<tr><td colspan="3" align="center">Фæстиуджытæ</td></tr>
<tr><td align="center"><u>Предметон</u></td><td align="center"><u>Метапредметон</u></td><td align="center"><u>Удгоймагон</u></td></tr>
<tr><td>-тексты æмбисæндтæ агурын зонын æмæ сæ лексикон нысаниуæг æмбарын;<br>уацмысы хъайтартæн сæ миниуджытæм гæсгæ аргъ кæнын зонын</td><td>-урочы ахуырадон хæс æмбарын æмæ йæ зæрдыл дарын;<br>-хатдзæгтæ кæнын, архайды пълан аразын, фæстиуджытæн рагацау прогноз кæнын;<br>-хицæн миниуджыты бындурыл иумæйаг хатдзæгтæ кæнын;<br>-хиконд хатдзæгтæ хуызæгимæ барын, æххæст сæ кæнын</td><td>-хи бæрнондзинад æмæ хæдбардзинад æмбарын (хатын)</td></tr>
</table>

| | |
|---|---|
| *Предметты хсæн бастдзинад*:  литературон кæсынад (хъуыдыйæдтæ аив кæсын) | |
| *Æххуысгæнæг фæрæзтæ (ресурстæ):* ахуыргæнæн чиныг, кусæн тетрад, интерактивон фæйнæг,кусæн программæ | |
| **Урочы цыд** | |
| **Ахуыргæнæджы архайды мидис** | **Скъоладзауы архайды мидис** |
| **Зонындзинæдтæ райсыныл архайды мотиваци** | |
| Ахуыргæнæг ахуырдзауты здахы чиныджы мидисмæ Хетæгкаты Къостайы цард æмæ сфæлдыстадæй фæрстытæ раттын.<br>Зæрдыл æрлæууын кæнын, цы хонæм радзырд?<br>Къоста йæ радзырд иронау ныффыста æви уырыссагау?<br>Чи йæ ратæлмац кодта ирон æвзагмæ? | Ахуырдзаутæ  дзурынц, Къостайы  сфæлдыстадай скъуыддзæгтæ ,сæ презентацитæ æвдисынц, хатдзæгтæ кæнынц .<br>Ахуырдзаутæ дзуапп дæттынц ахуыргæнæджы фæрстытæн. |

| | |
|---|---|
| **Зонындзинæдты  актуализаци** | |
| -Скъоладзаутæн агурын  кæнын радзырды  æмбисæндтæ:<br>**А) Фыдбылыз къæхты бынæй дæр фæзыны.**<br><br>**Æ)Амонд æмæ фыдбылыз фæрсæй – фæрстæм цæуынц.**<br><br>**Б) Кæмæ цы амонд кæсы, уый чи зоны**. | Агурынц æмæ кæсынц æмбисæндтæ. Сæ лексикон нысаниуджытæ сын амонынц.  Алчи йæ хъуыдытæ дзуры.Ахуыргæнæджы фæрстытæн дзуапп дæттынц. |

| **Зонындзинæдтæ райсынил архайды арæзт** | |
|---|---|
| Ахуыргæнæг тексты зынæмбарæн дзырдты нысаниуджытæй фæрсы ахуырдзауты:<br>**Æрчъи** - ?<br>**Нымдгæнгæйæ æрбадт** - ?<br>**Цæссыгæмхæццæ хъæлæсæй** -?<br>**Сæрсæфæны сæрмæ æрдзедзыкка** -?<br><br>Автор пейзажæй пайда кæны æви нæ? Кæцы бынæтты?<br><br>Равзарын уацмыс фарстæтæм гæсгæ:<br><br>1.Зебаты хъæу куыдæй æвдыст цæуы? Уæ цæстытыл куыд ауайы?<br>2,Чи цард уыцы хъæуы æмæ куыд цардысты?<br>3. Мæгуыр кæй цардысты. Уый цæмæй бæрæг у?<br>4.Чи у радзырды сæйраг архайæг? Кæимæ цæры Тедо?<br>5. Тедойы хæдзар уæ цæстытыл куыдæй ауайы?<br>6.Цавæр адæймаг уæм фæкаст Зураб та? Лæгдзинадмæ цы цæстæй кæсы?Цæуылнæ уал цæуы цуаны?<br>7. Цавæр адæймаг уæм фæкаст Зæлинæ та? Ранымайут – ма йын йæ миниуджытæ.<br>Цæуылнæ уадзы йæ мойы цуаны? | Ахуырдзаутæ дзуаппытæ дæттынц:<br><br>***чабуры (лапти)***<br>***почтительно сел***<br>***со слезами в голосе***<br>***качался над бездной пропасти***<br><br>Ахуырдзаутæ дзурынц, цы у пейзаж, фыссæг кæцы бынæтты пайда кæны пейзажæй, уыдон кæсынц.<br><br>Ахуырдзаутæ дзуаппытæ дæттынц , лæмбынæг архайынц æмæ кусынц чиныгимæ. |

| | |
|---|---|
| **<u>Физминуткæ скæнын</u>**<br><br>Слайды равдыст.(нывтæм гæсгæ ссарын архайды бынат)<br><br>Ныр та æркæсæм æмæ зæгъæм , цавæр миниуджытæй уыдис æххæст Тедо?<br><br><br>Интерактивон фæйнæгыл тест цалдæр фарстаимæ<br><br>***Скæнын синквейн. Дзырд «Цуанон»*** | Сывæллæттæ активонæй кусынц.<br><br>*Тедо уыд ныфсхаст, тыхджын,фæлтæрдджын,бинонты дарæг,хистæртæн аргъгæнæг.хорз хъомылгæнæг.арæхстджын цуанон, æмгæртты уарзаг…*<br><br>*Ахуырдзаутæ сæхæдæг сæхицæн аргъ кæнынц.*<br><br>*Цуанон*<br>*Тыхджын , ныфсхаст, æгъдауджжын*<br>*Хистæртæн аргъ кæны,бинонты дары, хъомыл кæны*<br>*Адæмы хсæн номхæссæн фæци.*<br>*Фæзминаг.* |

| **Хатдзæгтæ скæнын** | |
|---|---|
| - Ахуырадон архайды фæстиуджытыл аразы афæлгæст: фæрсы – сæ размæ æвæрд хæстæ æххæстгонд æрцыдысты æви нæ, цавæр зындзинæдтыл фембæлдысты, цавæр æнтыстытæ сæ къухы бафтыд. æнтыстытæ æмæ зындзинæдтæн цавæр аххосæгтæ уыд. | - Цы ногдзинæдтæ базыдтой, уыдонæн хатдзæгтæ кæнынц. Ахуырадон хæстæ куыд сæххæст кодтой, уый бæрæг кæнынц. Дзурынц, зын сын цы уыд сæ сæххæст кæнынмæ, уый. Се 'нтыстдзинæдтæ кæрæдзийæн не'вгъау кæнынц. |

<table>
<tr><td colspan="6">Хæслæвæрд: радзырды ссарын æмæ рафыссын тетрæдтæм, абарстытæ кæм ис, ахæм хъуыдыйæдтæ; æмбисæндтæ; радзырды мидис хи ныхæстæй дзурын зонын.</td></tr>
<tr><td colspan="3">Рефлекси</td><td colspan="3">Абон æз базыдтон..<br>Мæ зæрдæмæ фæцыд…</td></tr>
<tr><td colspan="6">Хи куысты анализ</td></tr>
<tr><td colspan="2">Æнтыстдзинæдтæ</td><td colspan="2">Зындзинæдтæ</td><td colspan="2">Фæндон</td></tr>
</table>